Pou Piblikasyon Imedya: 02/06/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS PASE 82 MILYON DOLA NAN FINANSMAN KAPITAL POU ÒGANIZASYON ATISTIK AK KILTIRÈL SAN BI LIKRATIF YO

132 Pwojè finanse pou ranfòse enfrastrikti atistik atravè Eta a

Nouvo envestisman pral ranfòse ekonomi lokal yo, elaji aksè ak zèv atistik epi sipòte kreyasyon djòb

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse 82.2 milyon dola yo te bay atravè Fon Pwojè Kapital Konsèy Eta Nouyòk pou Zèv Atistik la (New York State Council on the Arts, NYSCA) la pou sipòte 132 pwojè nan chak rejyon nan eta a. Envestisman nan òganizasyon atistik ak kiltirèl san bi likratif yo atravè Nouyòk sipòte renovasyon bilding esansyèl yo, amelyorasyon aksesibilite ak nouvo espas pou travay kreyatif ak kiltirèl. Yo te bay prim nan tout 10 rejyon Eta Nouyòk yo, epi 77 pousan nan sibvansyon yo te ale jwenn òganizasyon ki gen bidjè ki mwens ke 3 milyon dola.

"Sektè atistik ak kiltirèl pwisan Nouyòk la se yon avantaj fòmidab", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Envestisman kontinyèl nou yo nan mize, teyat ak sant atizay jenere retou enkwayab — sa ki deklanche inovasyon, ranfòse ekonomi lokal yo, atire vizitè epi fè nou tounen episant mondyal atizay ak kilti."

Pwojè Kapital NYSCA pou Atizay ak Kilti se envestisman estratejik ki pèmèt òganizasyon yo pi byen sèvi ak angaje kominote yo. Yo pèmèt sit atistik ak kiltirèl yo vin pi aksesib fizikman ak dirab, amelyore kapasite òganizasyon yo pou konekte ak odyans yo epi yo vin destinasyon esansyèl pou rezidan yo ak vizitè yo. Pwojè solid yo konbine ekselans nan konsepsyon ak desizyon enfòme ki pral sèvi ak ranfòse sektè atistik ak kiltirèl Nouyòk, estimile ekonomi lokal yo, katalize envestisman nan kominote nou yo, epi ede asire dinamis òganizasyon kiltirèl nou yo.

Prim NYSCA yo anonse jodi a gen ladan twa kategori sibvansyon: Sibvansyon pou Amelyorasyon Kapital Piti ak Mwayen (Small and Midsized Capital Improvement Grants) yo, ki varye ant 10,000 ak 2 milyon dola; Sibvansyon pou Gwo Amelyorasyon Kapital (Large Capital Improvement Grants), ki varye ant 2 milyon dola ak 10 milyon dola epi ki konsantre sou pwojè kapital a gwo echèl ki priyorize devlopman kominotè ak kreyasyon espas; ak Sibvansyon pou Konsepsyon Kapital (Capital Design Grants), ki varye ant 10,000 ak 500,000 dola epi ki sipòte devlopman dokiman konsepsyon nan

etap mwayen ak avanse pou fè avanse pwojè kapital pou òganizasyon san bi likratif nan domèn atistik ak kiltirèl.

Finansman NYSCA a pral sipòte yon varyete pwojè, tankou:

Sibvansyon pou Ti Amelyorasyon Kapital:

- **Red Hook Art Project, Inc (Vil Nouyòk):** Pwojè sa a pral pèmèt enstale epi ekipe yon estidyo fabrikasyon avèk yon sistèm aparèy kout lazè ki nan nivo pwofesyonèl, ansanm ak enstalasyon enfrastrikti sekirite, kouran, ak vantilasyon ki nesesè pou sa.

- **Writers and Books, Inc. (Finger Lakes):** Pwojè sa a pral ranplase planche ki demode e ki fin vye pou amelyore sekirite, aksè ak pwòpte.

- **Buffalo Suzuki Strings, Inc. (Lwès Nouyòk):** Pwojè sa a pral konplete renovasyon ekstèn ki an kou a pou repare domaj ak ewozyon an.

Sibvansyon pou amelyorasyon kapital tay mwayen

- **Sosyete Istorik Konte Buffalo ak Erie (Lwès Nouyòk):** Sibvansyon sa a pral sipòte restorasyon ak ekspansyon Sant Reinstein nan avèk amelyorasyon estriktirèl ak aksè enpòtan epi ogmante kapasite a avèk yon nouvo adisyon.

- **Seagle Music Colony, Inc (North Country):** Yon renovasyon kanpis la pral gen ladan nouvo lojman pou atis, yon salamanje ak yon espas polivalan pou kreye yon destinasyon kiltirèl pandan tout ane a.

- **Sosyete Istorik Konte Chenango (Southern Tier):** Pwojè sa a pral ranplase do kay batiman an avèk yon do kay nèf ki fèt ak yon kalite wòch espesyal, pou l ka parèt egzakteman jan l te ye nan tan lontan an.

Sibvansyon pou Gwo Amelyorasyon Kapital

- **Underground Railroad History Project of the Capital Region Inc. (URHP) (Rejyon Kapital):** Sibvansyon sa a pral sipòte konstriksyon Sant Entèpretasyon Sant Edikasyon Wout Ray Anba Tè a, yon bilding 1,300 mèt kare (14,000 pye kare) ak espas ekspozisyon agrandi, yon bibliyotèk ak yon sant rechèch, yon sant espesyal pou timoun, yon sal konferans, yon depo dènye kri pou koleksyon ak tanperati kontwole, ak plis ankò.

- **Westhampton Beach Performing Arts Center, Inc (Long Island):** Pwojè sa a pral agrandi teyat ak sèn WBPAC la, sa ki pral bay yon etablisman inifye ak

modènize ak yon sèn ki pi gwo, plis plas pou chita ak nouvo espas pou pwogram, pwodiksyon ak pou kominote a.

- **Joyce Theater Foundation, Inc. (Vil Nouyòk):** Pwojè renovasyon Joyce New York City for Creativity and Dance la pral modènize epi amelyore karakteristik inik ki deja egziste nan bilding lan avèk objektif pou kreye yon espas ki an sekirite, fonksyonèl, aksesib, epi ki efikas nan itilizasyon enèji pou atis dans yo ak itilizatè yo nan kominote a.

Sibvansyon pou Konsepsyon Kapital

- **Mize ak Sant Edikasyon sou Lapèch Balèn (Long Island):** Sibvansyon an pral sipòte faz planifikasyon konseptyèl pou ekspansyon etablisman an.

- **Ashokan Center Inc (Mid-Hudson):** Sibvansyon sa a pral sipòte faz konsepsyon yon nouvo Lojman pou Atizay ak Edikasyon ki gen 539 mèt kare (5,800 pye kare).

Yon lis konplè benefisyè sibvansyon yo disponib sou entènèt.

Direktè Egzekitif Konsèy Zèv Atistik Eta Nouyòk la, Erika Mallin, te deklare, "Nou konnen lè atizay la fleri, kominote yo swiv li — sa pote enèji, kreye djòb, elaji aksè a moun epi ogmante aktivite touristik. Pwogram sibvansyon sa a se yon envestisman enpòtan nan sektè kreyatif nou an, li bay kominote kreyatif nou an pouvwa epi li enspire inovasyon. Felisitasyon pou tout moun ki resevwa sibvansyon yo, nou pa ka tann pou nou wè divès pwojè sa yo devlope toupatou nan eta a."

PrezidanKonsèy Atizay Eta Nouyòk la, Patrick Willingham, te deklare, "Lè yo bay espas ki estab e aksesib pou kreyativite, pwojè enteresan sa yo se envestisman enpòtan nan enfrastrikti sante ak pwosperite sivik nou an epi y ap ranfòse Eta Nouyòk pou plizyè ane k ap vini yo. Mwen vle felisite tout moun ki resevwa sibvansyon pou pwojè kapital yo epi remèsye yo pou angajman yo anvè sektè atistik ak kiltirèl san parèy nou an."

Senatè Eta Jose Serrano te deklare, "Nouyòk konprann sa — atizay la pa yon liks, yo se yon motè ki gen yon enpak reyèl ak mezirab. Chak dola envesti retounen dividann nan touris, edikasyon, travay ak kreyasyon espas piblik ki aktif. Finansman sa a asire òganizasyon atistik ak kiltirèl nou yo kontinye bay benefis tanjib sa yo bay rezidan yo ak vizitè yo pandan plizyè deseni k ap vini yo."

Manm Asanble Ron Kim te deklare, "Pwojè transfòmasyon sa yo pral amelyore kominote yo, ogmante touris, kreye djòb epi elaji aksè a atizay ak kilti. Mwen kontan Gouvènè Hochul ak kòlèg mwen yo te fè envestisman enpòtan sa a epi mwen felisite NYSCA pou anons jodi a ak devouman kontinyèl li anvè atizay nan Eta Nouyòk."

Depi lè Pwojè Fon Kapital NYSCA a te kòmanse an 2018, ajans lan te bay 739 sibvansyon kapital, ki totalize plis pase 382 milyon dola, atravè tout 10 rejyon eta yo pa mwayen sipò Gouvènè a ak Lejislati a. Pwojè sa yo ogmante kapasite travay epi fè avanse espas kiltirèl yo kòm destinasyon touris yo, ranfòse sektè ospitalite, alimantè ak bwason, ak vant an detay Nouyòk yo. Anplis Fon Pwojè Kapital yo, NYSCA deja bay 80.9 milyon dola sibvansyon ki pa kapital bay òganizasyon atistik ak atis yo pou Ane Fiskal 2026 la.

Gouvènè Hochul kontinye fè envestisman rekò pou devlope nan Nouyòk sektè atistik ak kiltirèl ki enpòtan nan peyi a. Bidjè ane fiskal 2027 ki adopte a gen ladan 81 milyon dola pou sipò operasyonèl jeneral NYSCA pou òganizasyon san bi likratif yo ak atis endividyèl yo ak yon lòt 80 milyon dola nan nouvo finansman kapital pou pèmèt NYSCA ofri yon seri sibvansyon adisyonèl pou pwojè tout gwosè, soti nan 10,000 dola rive nan 10 milyon dola.

Enfòmasyon sou Konsèy Eta Nouyòk pou Zèv Atistik la
Misyon Konsèy Atistik Eta Nouyòk la se pou ankouraje ak fè avanse ansanm atizay kilti, ak kreyativite Eta Nouyòk pou tout moun. Konsèy Atistik la pral akòde plis pase 161 milyon dola nan Ane Fiskal 2027 la, ki ap sèvi dè santèn òganizasyon atistik ak atis nan tout 10 rejyon eta yo. Konsèy Atistik la fè kilti kreatif Nouyòk la pwogrese lè li atire lidè nan domèn nan epi bay opòtinite devlopman òganizasyonèl ak devlopman pwofesyonèl ak resous enfòmasyon. Kreye pa Gouvènè Nelson Rockefeller an 1960 epi kontinye avèk sipò Gouvènè Kathy Hochul ak Kò Lejislatif Eta Nouyòk lan, Konsèy la se yon ajans ki fè pati Branch Ekzekitif la.

Pou plis enfòmasyon sou NYSCA, tanpri vizite www.arts.ny.gov, ak swiv paj Facebook NYSCA, sou X @NYSCArts ak Instagram @NYSCouncilontheArts.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU